# БЕРДАҚ ЭНЦИКЛОПЕДИЯСЫ: «ШЕЖИРЕ» – ТАРИЙХЫЙ ЭТНОЛОГИЯЛЫҚ ДЕРЕК

**ПАЛЫМБЕТОВ К.С.**
*Филология илимлериниң докторы, доцент ӨзРИАҚҚб Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис қаласы*

**ЮСУПОВ О.Ж.**
*Тарийхшы*

Шығыс Европа менен Орайлық Азия аралығында жасаўшы туркий этнослар менен түркий емес этнослардың (финно-угор) көп әсирлик ҳәр қыйлы «симбиоз»лары нәтийжесинде, олардың этно-фольклорында, этно-мәденияты, этно-лексикасы ҳәм этно-тарийхында «идентивлик» жақынлықлар ҳәм дәстүрийлик сақланғанын көремиз.

Алтай, Сибирь, Урал ҳәм Арал аймағы этносларында өзиниң ата-тегин, шежиресин, этно-тарийхый жылнамасын жазыў ата-бабалардан әўладларға өтип киятырғанлығы мәлим.

Ерте Орта әсирлерде Сырдәрья менен Әмиўдәрья алабында тоқсан еки (92) тамырлы түркий улуслар, орта әсирлерде жигирма төрт (24) ябғу-огузлар, тоқсан еки (92) баўлы «куман»лар, «половцы», қара-қыпшақлар, соң тоқсан еки /92/ баўлы «уз-бағ» / Ас-баг/- «өзбек руўғ»лары, олардан бөлинген «алты жуп» қарақалпақлардың тарийхый «жылнамасы» ҳәр қыйлы өзлик ҳәм өзге шежирелерде, фольклорлық дәреклерде сақланып келмекте. Бул мәдений мийрасларды илимий ҳәм жәмийетлик көз-қарастан үйрениў, баҳалаў ҳәм изертлеў оғада зәрүр.

Арал бойында жасаўшы халықлар «Арал ханлығы», «Араллы өзбек», «Араллы-маңғыт», «Араллы-қоңырат» ҳәм «Қарақалпақ Ордасы» болып бөлинген. Олардың аймақлық ҳәкимшилигинде бий, султан, төре, батыр, жүз басы, аталық, мәҳрем ҳәм беглер бегилер болған. XIX әсирде жасаған қарақалпақ классик шайыры Бердақ Қарғабай улы (1827-1900) «Шежире»синде Араллы «теңиз ели» қоңыратлылар тарийхы көбирек өз сәўлелениўин тапқан.

Бердақтың «Шежире»синде Орайлық Азияның этникалық тарийхы, этногенетикалық биригиўлери, олардың тарийхый тулғалары, этно-географиялық ланшафтлары мәкан жайлары ҳәм қалалары, сол замандағы тарийхый ўақыялар,

социаллық турмыс ҳәм жәмийетлик қатнасықлары поэтикалық түрде сүўретлениўин табады.

Арал диярының дәстиярлы гео-обьектлери ҳәм этнотопонимлери Бердақ «Шешире»синде орын алған. Жаңа дәўирдеги Арал бойы халықларының тарийхый этно-географиялық жайласыўы, этно-хожалық ҳәм этно-мәденияты ҳаққында мағлыўматларды халық шайырларының шығармаларында да ушыратамыз. Мысалы, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ шайырлар Арал бойларында жасап, арқа аймақтың үрп-әдети ҳәм дәстүрлерин, социаллық турмысын жақсы билген. Олардың мийрасларында этно-топонимлер, антро-топонимлер, зоо-топонимлер анық көрсетилген.

Бердақ шығармаларында бир неше тарийхый орынлар, зыярат жайлар, этномәканлар орын алған. Ол туўылған жери «Ақ қала»ны тәрийплеген. «Ақ қала» ҳаққында Хорезм тарийхшысы Мунистиң мийрасларында да жазылған. Сондай-ақ, Бердақ «Тербенбес» аўылын жазады. Ол жерге Көк дәрья бойлап 1873-жылы әскерий географ А.Каульбарс ушан кеме (пороход) пенен келген. Бердақ, Өтеш шығармаларында Көк дәрья, Көк өзек мәканларының био-экологиялық өзгериске ушырағанлығы жазылған. Өтеш шайыр «Ата-баба қоныс басқан Көк өзек», «Басыңнан дәўраның тайды «Көк өзек» [Өтеш Алшынбай улы: 47-49], – деп тәрийплеген.

Профессор М.Тлеўмуратов «Көк өзек» қарақалпақлардың ата-журты Туркстаннан көшип келгенинде қоныс басқан тарийхый орынларының бири болды [Тилеўмуратов: 299], - деп жазды. Көк өзек бойында қарақалпақлардың муқаддес қәдем жайлары ҳәм зыяратгаҳ орынлары бар, мәселен, «Қабақлы ата» әўлийешилиги-микро-этнос «мүйтен»лердиң сакраль естелиги. Илимпазлар сол муқаддес орында Жийен жыраў, Өтеш, Аннақул, Омар, Бегжан шайырлар, Едил бий, Әбдикерим ахун, Бекмурат ахун ҳәм басқа да қарақалпақ елин басқарған ел ағалары – бийлер, аталықлар, ахун-ийшанлардың қәбирлери барлығын анықлады [Хожаниязов, Юсупов: 38].

Бердақ мийрасларында Даўқара, Үрге, Күйик қала, Жийдели ҳәм Майлы шеңгелдиң шегара жер екени көрсетилген. Сонлықтан да, шайырдың мийраслары бул халықтың социаллық турмысынан келип шыққан, этномәдений мийраслар, этнодәстүрлердиң көриниси болып табылады. Шайырдың шығармаларында инсан өмириндеги барлық басқышлары, туўылыў, балалық, жигитлик, үйлениў, социаллық гүрес, қартайыў, өмир мәўритлери, турмыс тәшўиши, қаза табыў ҳәм басқа да инсан тарийхы, инсан этнографиясы тәрийипленген.

Бердақ өз заманындағы материаллық мийрасларға, ески үрп-әдетлерге итибар қаратып, оларды келешек әўладларға яднама етип қалдырған. Ол Қусхана таў етегиндеги археообъект «Күйик қала» естелиги ҳаққында жазады. «Ақ туба» көлиниң бойында «Алты қыз»дың арбасы аўдарылып, суўға кетип, шейит өлгенин тәрийплейди. Ел-журттың таянышы Ер Нуртай батырдың жаўлар менен урысып, жарадар болып, үйине келип, ар-намыс пенен қайтыс болғаны ҳаққында мағлыўмат береди [Бердақ: 159]. Сондай-ақ, шайыр «Шежире»синде:

Мүйтән, Қоңырат, Хытай, Қыбчақ,
Кенегес-Маңғыт жуп, теке тақ,
Бәри алты уруў қарақалфақ,
Өзбекдин айрылған екән [Бердақ: 135], - деген қосық қатарлары келтириледи.

Усы қосық қатарларында көрсетилген «алты руў»дың мәниси, «Алтын орда ханы – Муҳаммед Ўзбек (1312-1342) дәўиринде қарақалпақлар Өзбек журты, Өзбек ханлығы қурамында болған. Алтын Орда мәмлекетиниң қулаўы менен Уллы дала саҳрада бир неше майда ханлықлар, улуслар, Орда пайда болады. Соның бири Дәшти Қыпшақтың Шығыс тәрепинде Абулқайыр хан улусы, ямаса көшпели өзбек елаты, ханлығы (1428-1468) қәлиплескен еди. Сол дәўирде Өзбек улусынан «маңғыт ҳәм қарақалпақ»лар бөлинген, олар өзлерин-өзлери басқара баслаған. Қарақалпақлардың өзбек улусы қурамында болғаны туўралы тарийхшы алымлар Г.А.Федоров-Давыдов (1973), М.Сафаргалиев (1960), С.Камалов (2001) т.б. мийнетлеринде пикирлер билдирилген.

Бердақ «Шежире»синдеги «он төрт урыў» аўқамы ҳаққында сөз еткенде Арал-Каспий теңизи аралығында соңғы орта әсирлерде Ноғай ордасы, Маңғыт журты, көшпели өзбек улусында бөлшекленген саҳрайы өзбеклер, манғытлар, алты улар ҳәм он төрт уруўлар өзлерине тийисли жайлаўлардан пайдаланып, бир-бирине байланыста шарўашылық хожалық мәдениятын қәлиплестиреди. Бердақ «Шежире»нде «он төрт уруў»ды ҳәм олардың Жаңадәрья бойындағы жаўгершилик ўақыяларын бир неше мәртебе тилге алады. Жаңадәрья бойында «он төрт уруў» суўдан өтпей, Қоңырат – болғанлар дәрьядан өткен, жаўлар келип, он төрт уруўдың мың (1000) баласын бенде қылған деп трагедиялық сюжетти көрсетип береди.

Жаўгершилик ҳәм ашлық, посқыншылық ақыбетинен – «он төрт уруў» Сурханға (Сырдәрья) көшип, Жайхунға (Әмиўдәрья бойына) келген, дәрьядан жап алып, дийқаншылық еткен. Он төрт уруўдың бир топары Жаңадәрья бойында қорған қала салып жасаған.

«Он төрт уруў көчбей қалыб,

Йаңа дәрйаға қала салыб,
Қошназар билән Нуртай болуб,
Қазақ менән чабысған екән» [Бердақ: 159], - деп тарийхый мағлыўматлардан дәрек береди.

Жаңадәрья бойындағы «он төрт уруўлар»дың ел ағалары, ақсақаллары Маман бий, Орынбай бий аталық болған. Хийўа ханы «атыспай-шабыспай» он төрт уруўлардың бийлери менен келисип, оларды «төменги» Әмиўдәрья алабына, «майлы шеңгел –шегера жер»ге шекем қоныс басыўына рухсат берген ҳәм Хорезм (Хийўа) мәмлекетиниң пухаралығына алған, бул социаллық яднама, этнопоэзияда ҳақыйқый тарийхый еслеў сыпатында жазылған.

Бердақ тарийхый гүрриңлерден, социаллық яднамалардан еситиўинше Сырдәрья менен Жаңадәрья аралығындағы «он төрт уруўлар»ды көширип келиўге Айдос бий аға бабаның «бес» жүз (500) атлы нөкери менен әскерий қатнасы болғаны, Хийўа хан тәрепте болып, оларды бойсындырыўы ҳәм Хорезм шегарасына шекем келгенин тәрийплейди.

Айдос бийдиң Хийўа ханлығындағы әскерий хызмети ушын, оған хан тәрепинен сыйға тутқынға түскен «қыз Пилла» берилген. Айдос бий сол гөззал қыздың ҳүрметине той бергени айтылады:

Ол қызға өләң той қылыб,
Өләңин айтдурған екән [Бердақ: 160].

Тарийхый дереклерде Әмиўдәрья алабында «он төрт уруў»лардың қонысланыўы Абулғазы ҳүкимранлық еткен жылларда болғаны туўралы Мунис ҳәм Баянийдиң мийрасларында да жазылған. Арал ўәлаяты ҳүкимдарлары Шахнияз, Мусахан, Ишим Султан, Шахтемир заманларында Араллы – маңғытлар менен «он төрт уруў» қарақалпақ әскерлери биригип Хорезмниң «Бес қала»сына қарсы әскерий қәўип салғанылығы жылнамада көрсетилген. Архивлик дереклерде Арал-Каспий теңизи аралығы, төменги Волганың шеп (шығыс) фронтир тәрепинде, Астрахань ханлығында «Ноғай эли» аталған «он төрт уруў»лар, «он төрт уруў ноғай» ямаса «он төрт уруў- манғыт» жуп этнослар, жуп аўқам болып, Астрахань ханлығына бағынышлы болған ҳәм Москва қаласындағы ақ патша Василий Шуйскийге салық (закат) төлеп отырған.

Жуўмақлап айтқанда Бердақ шайыр «Шежире»синде тәрийпленген «он төрт уруў» Сырдәрья менен Жаңадәрья фронтириндеги нео-этникалық топарлар болып табылады.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**

1. Өтеш Алшынбай улы. Таңламалы шығармалары. – Нөкис, ҚҚМБ, 1962.
2. Тилеўмуратов М. Қарақалпақ поэзиясы – тарийхый дерек. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1994.
3. Хожаниязов Ғ., Юсупов О. Қарақалпақстандағы мухаддес орынлар. – Нөкис, «Полиграфист», 1994.
4. Бердақ. Сайланды шығармалары. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997.